

# 15 novanm

**Senyè ... Ou mete devan je w tou sa nou fè ki mal.  
Ou mete peche nou fè an kachèt yo aklè devan ou.**

Sòm 90. 1, 8

**Ou wete m nan kè sere m te ye a. Se ou menm ki wete m nan bouch twou a. ou voye tout peche m yo jete dèyè do ou.** Ezayi 38. 17

## **Pa kraze miwa a**

Yo rakonte, yon rèn te resevwa kòm kado, yon bèl miwa. Lè li te gade vizaj li nan miwa sa, li tèlman lèd, li kraze miwa sa avèk kòlè. Men, kisa li ta va di si miwa sa te revele tout bagay sekre ki anndan kè li ?

Li difisil pou ou konnen tèt ou byen. Kilès ki konnen w tout bon ? Sèl Bondye. E kisa li di ? “Pa gen anyen ki ka twonpe moun pase sa ki nan kè lòt moun” (Jeremi 17. 9). Senyè a ka di sa paske “tout bagay parèt klè kou dlo ko-koye devan je li” (Ebre 4. 13).

Sa ki etone nou e ki rete pou nou yon mistè, malgre Bondye konnen tout mechanste ki nan kè lòt, Li ka rive renmen. Bondye nan tout letènite Li, Li toujou rete Bondye byennere ki pa manke anyen. Poukisa li vle fè antre nan prezans li lèzòm koupab ? Eske se paske nou merite sa ? Nou pa gen okenn merit pou sa.

Li renmen nou, paske Li se renmen. Men Li se Bondye jis e Sen. Li pa kapab voye jete egzijans Jistis Li ak Sentete Li. Fòk lèzòm kapab pirifye e vin jis. Kòman sa ka rive fèt ? Nan Jezi Kris ki te sibi jijman nou te merite akòz peche nou. Moun ki aksepte li pa lafwà, Bondye deklare yo jis akòz gras li, grenmesi Jezi Kris ki vin delivre yo (Women 3. 24).

Bib la se tankou miwa nanm lan. Li l. Li va di ou kilès ou ye nan je Bondye e kisa ou merite. Li va moutre tou kouman Jezi Kris ka libere ou nan bagay ki fè ou wont. Pa meprize miwa. Li Bib la.

# 15 novembre

**Seigneur,... tu as mis devant toi nos iniquités, devant la lumière de ta face nos fautes cachées.** Psaume 90. 1, 8

**Voici, au lieu de la paix j'avais amertume sur amertume ; mais toi, tu as aimé mon âme, la retirant de la fosse de destruction, car tu as jeté tous mes péchés derrière ton dos.** Ésaïe 38. 17

## **Ne brisez pas le miroir**

On raconte qu'une reine avait reçu en cadeau un magnifique miroir. Quand elle vit son visage, elle se trouva si laide qu'elle brisa l'objet avec colère. Mais qu'aurait-elle dit si le miroir lui avait révélé tous les secrets de son cœur ?

Il est difficile de se connaître soi-même. Qui nous connaît vraiment ? Dieu seul. Et que dit-il ? "Le cœur est trompeur par-dessus tout, et incurable" (Jérémie 17. 9). Il peut dire cela parce que "tout est nu et découvert" à ses yeux (Hébreux 4. 13).

Ce qui nous surprend et reste pour nous un mystère, c'est que Dieu, connaissant toute la méchanceté de l'homme, ait pu l'aimer. Dieu est de toute éternité le Dieu bienheureux à qui rien ne manque. Pourquoi a-t-il voulu introduire dans sa présence des hommes coupables ? A cause de nos mérites ? Nullement.

Il nous aime parce qu'il est amour. Mais il est le Dieu juste et saint. Il ne peut renoncer aux exigences de sa justice et de sa sainteté. Il faut que les hommes soient purifiés, rendus justes. Comment le sont-ils ? Par Christ qui a subi à notre place le jugement que nous méritions. Ceux qui l'acceptent par la foi sont "justifiés gratuitement par sa grâce, par la rédemption qui est dans le Christ Jésus" (Romains 3. 24).

La Bible est comme le miroir de l'âme. Lisez-la. Elle vous dira ce que vous êtes aux yeux de Dieu et ce que vous méritez. Mais elle vous montrera aussi comment Jésus Christ peut vous libérer de ce qui vous fait honte. Ne brisez pas le miroir. Lisez la Bible.